

Divèsifye Mendèv Ou



Re-adaptasyon Pwofesyonèl ede moun ki gen andikap yo jwenn yon travay ki enteresan.

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl ede antrepriz jwenn talan. Jwenn anplwaye ki kalifye epi ki fyab se youn nan pi gran defi anpil chèf antrepriz dwe leve. Si w ap chache divèsifye mendèv ou, pa chache pi lwen pase VR. Rezèv talan VR la gen enèji ak konpetans ou vle a, ak kapasite, kalifikasyon ak fyabilite ou bezwen an.

Patisipan VR fidèl, yo pozitif epi yo se kèk nan pifò anplwaye yo plis kapab fè konfyans ou ap jwenn. VR gen kandida kalifye ki gen yon andikap epi ki pare pou travay. Epitou, patwon yo kapab resevwa sipò pou fòmasyon yo ap bay anplwaye potansyèl yo. Pwogram Fòmasyon Nan Espas Travay (OJT) VR la ede patwon ak anplwaye yo prepare pou travay ki bon pou yo.

Sèvis Antrepriz Reyadaptasyon Pwofesyonèl

VR kapab ede ou jwenn anplwaye ki fyab pou bezwen konsènan pèsònèl. Se yon sitiyasyon ki benefik ni pou anplwaye ni pou patwon.

Òf Sèvis Antrepriz Reyadaptasyon Pwofesyonèl

- Kandida ki kalifye
- Èd teknik ak konsèy sou lojman, si sa nesèsè
- Konsiltasyon sou Lwa Ameriken konsènan Andikap, tankou konsèy pou entèvyou
- Fòmasyon sou Sit pou Sansibilizasyon sou Andikap
- Ranbousman frè pou Fòmasyon nan Espas Travay, ni salè estajyè ak frè lojman ki nesèsè
- Pwoteksyon kont Aksidan nan Travay pou granmoun ak jèn ki patisipe nan estaj

Reyadaptasyon
Pwofesyonèl afilye ak:





Resous pou Kòmanse

- Mande yon rankont ak yon Repezantan Relasyon Komèsyal VR.
- Jwenn enfòmasyon sou resous konsènan andikap sou AbilitiesWork.EmployFlorida.com.

Contact Vocational Rehabilitation



850-245-3399
800-451-4327



850-245-3392



VRBusinessRep
@vr.fldoe.org



www.RehabWorks.org



Depatman Edikasyon Florida
Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.